

Kisa pou w fè pou Pèt Cheve

Gen kèk tretman kansè ki lakòz moun pèdi kèk oswa tout cheve yo. Cheve anjeneral repouse, e gen bagay ou ka fè pou fè li mwens pwoblèm pou ou.



Kisa ki lakòz pèt cheve kay moun ki gen kansè?

Gen kèk tip chimyoterapi ki ka lakòz eklèsisman (cheve vin fen) oswa pèt cheve sou po tèt la. Gen kèk ki lakòz tou eklèsisman oswa pèt pwèl pibyen, anba bra ak janm, sousi, oswa plim je. Lòt tip tretman kansè tankou terapi radyasyon nan tèt la ak terapi òmòn kapab lakòz tou pèt cheve oswa eklèsisman.



Ki sa w ka fè pou w prepare w pou w pèt cheve w?

- Mande ekip swen kansè w si pèt cheve w posib e a ki vitès li pral rive.
- Pale ak ekip swen kansè w sou si yon bonè refwadisman ta ka ede diminye risk ou. Plis rechèch ap fèt pou konnen si bonè refwadisman yo efikas epi san danje. Yo ka gen kèk efè segondè, tankou maltèt ak malèz akòz sansasyon frèt la. Pale ak ekip swen kansè w sou benefis yo, risk yo, ak efè segondè yo.
- Peruk ak lòt kouvèti po tèt yo ka pasyèlman oswa konplètman kouvri pa asirans sante w. Si se sa, mande ekip swen kansè w yon peruk oswa preskripsyon pou pwotèz kranyen.
- Ou ka chwazi pou koupe cheve w trè kout oswa menm kale tèt ou anvan li kòmanse tonbe.



Ki sa w ka fè lè w gen pèt cheve?

- Po tèt ou ka ba w sansasyon grate oswa sansib. Fèl dousman lè w ap bwose epi lave cheve w. Sèvi ak yon peny dan laj ka ede.
- Pèt cheve ka diminye lè w pa bwose oswa rale yo twòp. Evite fè trèz oswa penyen chou, evite itilize woulo, evite seche cheve w ak sèch cheve, oswa itilize fè pou frize oswa fè cheve w swa.
- Si cheve w vin trè mens oswa konplètman ale, asire w ke w pwoteje po tèt ou kont chalè, freddi, ak solèy. Sèvi ak yon krèm pwoteksyon kont solèy a aksyon laj ki gen yon faktè pwoteksyon solèy (SPF) 30 oswa pi wo epi mete yon chapo. Nan tanperati freddi, mete yon chapo oswa echap pou kouvri tèt ou epi rete cho.
- Lè nouvo cheve yo kòmanse grandi, yo ka kase fasil nan kòmansman. Evite pèmanant ak koloran pou premye mwa yo. Kenbe cheve w kout epi fasil pou penyen.
- Lè cheve w kòmanse repouse, li ka yon teksti oswa koulè diferan. Apre yon tan, li pral pwobableman retounen nan fason li te ye anvan tretman an.
- Kèk medikaman ak terapi limyè ka ede kont pèt cheve ak eklèsisman. Mande ekip swen kansè w si tretman sa yo ka mache pou ou.



Kilè pou pale ak ekip swen kansè w

Di ekip swen kansè w si w gen pwoblèm pou w abitye w ak pèt cheve yo.



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.